




# Kisa sè Vuzi pral di

- ✎ Nina Orange
- 👤 Wiehan de Jager
- 📖 ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 💬 Haitian
- 📊 Level 4






Yon maten byen bonè, grann Vuzi rele li, “Vuzi, tanpri, pote ze sa yo bay manman ou pou mwen. Li vle fè yon gwo gato pou maryaj sè ou.”



Pandan Vuzi ap mache pou lale kay paran li yo li rankontre de ti gason ki tap keyi fwi. Yonn nan ti gason yo pran ze yo nan men Vuzi enpi li voye yo sou yon pyebwa. Ze yo kraze.



Sa ou fè la a? "Vuzi di li « Ze sa yo se te pou yon gato maryaj sè'm nan. Ki sa sè'm nan pral di si pa gen gato nan maryaj li?



Ti gason yo te regrèt anpil deske yo te pase Vuzi nan jwèt. “Nou pa ka fè anyen pou gato a koulyè a, men nou kapab ba ou yon baton pou sè ou “ Vuzi kontinye wout li.



Sou wout la, li jwenn ak de gason ki tap konstwi yon kay. Mesye yo mande li “Èske ou ka bannou baton solid sa a ? » Men, baton an pate solid kont...li kase.




“Sa nou fè la a? Vuzi mande pandan lap kriye. “Baton sa a se te yon kado pou sè’m nan. Ti gason yo ki tap ranmase fwi banm li paske yo te kraze ze pou fè gato sè’m nan. Kounyè a, pa gen ze, pa gen gato, pa gen kado. Kisa sè’m pral di?”



Bòs mason yo te regrèt anpil “Nou pa kapab fè anyen pou gato a, men nou kapab ba ou zèb pou sè ou”. Vuzi kontinye wout li.






Sou wout la, Vuzi wè yon abitan ak bèf li. Bèf la di « A la bèl zèb, ou ka banm yon ti kras ladan'l ? ». Men zèb la te tèlman bon ke bèf la manje tout !



« Sa pou'm fè? Vuzi mand li. "zèb sa a se te yon kado pou sè m nan. Bòs mason yo kap knostwi yon kay ban mwen yo paske yo te kase baton ti gason kap ranmase fwi yo te banm. Ti gason sa yo te banm baton an paske yo te kraze ze ki pou te fè gato sè m nan. Gato a te pou maryaj sè m nan men kounlè a pa gen ze, pa gen gato, pa gen kado. Kisa sè'm pral di? »



Bèf la te regrèt ke li te visye konsa. Abitan an deside voye bèf la ak Vuzi kòm kado pou sè li. Vizu kontinye wout li.



Men lè manje an vin rive, bèf la chape pou'l tounen lakay mèt li. Vuzi pèdi chemen li enpi li rive ta nan maryaj sè'l. Envite yo te kòmanse ap manje.



“Kisa pou’m fè? Vuzi mande “Bèl la se te yon kado abitan an te bay pou ranplase zèb yo ke bòs mason yo te banm paske yo te kase baton an ke ti gason yo ki tap ranmase fwi yo te banm pou ranplase ze yo ke yo te kase pou fè gato a. Gato a se te pou maryaj la. Koulyè a pa gen ze, pa gen gato, pa gen kado. ”



Sè Vuzi vin reflechi sou sitiyasyon an epi li di Vuzi “Vuzi frè mwen, kado yo pa enpòtan pou mwen, gato a pa enpòtan pou mwen. Sa ki pi enpòtan pou mwen se ke tout moun la avèk mwen. Kèm kontan anppil. Kounyè a, al mete bèl rad ou enpi an nou fete jou sa a! Se sa Vusi fè.



# Storybooks Haiti

[global-asp.github.io/storybooks-haiti](https://global-asp.github.io/storybooks-haiti)

## Kisa sè Vuzi pral di

Written by: Nina Orange

Illustrated by: Wiehan de Jager

Translated by: ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This story originates from the African Storybook ([africanstorybook.org](https://africanstorybook.org)) and is brought to you by [Storybooks Haiti](#) in an effort to provide children's stories in Haiti's many languages.



This work is licensed under a Creative Commons  
[Attribution 3.0 International License](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0/).